

Kòman pou bati yon aplikasyon lekòl segondè ki balanse

Chè fanmi,

Jodi a, nou ekri w pou pataje senk konsèy avèk ou pou bati yon aplikasyon lekòl segondè ki balanse. Lè w voye yon aplikasyon ki balanse pitit ou a gen plis chans pou l jwenn yon òf nan yon pwogram ou vle a. Yon aplikasyon ki balanse gen ladan:

- **Konsèy 1. Chwazi 12 pwogram ou renmen pou aplikasyon pitit ou a, pa mwens pase sa!** Plis chwa ou mete nan aplikasyon w lan, se plis chans w ap genyen pou jwenn yon òf nan yon chwa ou pi pito. Ane pase, 97% elèv ki te mete 12 pwogram sou aplikasyon yo te jwenn yon òf nan youn nan pwogram sa yo.
- **Konsèy 2. Mete chwa w yo sou aplikasyon w lan nan vrè lòd ou pi pito yo a.** sa a se toujou pi bon estrateji a: Yo pral konsidere pitit ou an premye pou pwogram li mete an premye a. Si li pa posib pou yo fè l yon òf la, y ap konsidere l pou pwogram li chwazi an dezyèm lan, kòm si se te premye chwa l. Lekòl yo pa konnen si ou te mete yo an premye oswa an douzyèm chwa a.
- **Konsèy 3. Konsidere kantite demand pwogram lan genyen.** Yo detèmine demand nan pwogram yo dapre kantite aplikan lè yo konpare l ak kantite plas ki disponib. Pwogram ki gen gwo demand yo gen omwen 3 aplikan pou chak plas. Si w aplike nan kèk pwogram ki gen gwo demand, aplike tou nan kèk pwogram ki gen 1 oswa 2 aplikan pa plas. Ou ka wè nenpòt aplikan pou chak plas sou paj MySchools li a epi w ka itilize filtè “Aplikan pou chak plas” pou jwenn pwogram ki gen diferan nivo demand.
- **Konsèy 4. Konnen nan ki gwoup priyorite ou ye nan chak pwogram.** Si pwogram kote w aplike yo gen plis pase yon gwoup priyorite pou admisyon, asire w aplike nan kèk pwogram kote ou nan gwoup priyorite # 1. Ou ka jwenn tou enfòmasyon sa yo nan paj MySchools pwogram lan.
- **Konsèy 5. Konsidere yon ekilib nan metòd admisyon yo.** Finalman, si w ap aplike nan kèk pwogram ki itilize yon metòd admisyon ki gade dosye ([screened](#)) oswa metòd admisyon ki fè [odisyon](#), konsidere aplike tou nan kèk pwogram ki itilize yon metòd admisyon opsyon edikatif (educational option, ed. opt.). Gen plis enfòmasyon sou metòd admisyon yo sou sitwèb nou an, schools.nyc.gov/HS, nan seksyon kat faktè admisyon an.

Pa bliye [voye aplikasyon balanse w la avan 1ye desanm](#). **Pa gen okenn pwoblèm pou voye aplikasyon w lan ale depi l pare.** Ou ka toujou fè chanjman ak mizajou nan aplikasyon w lan nenpòt lè avan dat limit la.

Ou bezwen sipò avèk kont [MySchools](#) ou a oswa avèk aplikasyon w lan? Nou la pou nou ede w! Pale avèk konseye pedagòjik ou a oswa voye yon imèl ba nou nan HSEnrollment@schools.nyc.gov.

Mèsi,

Ekip admisyon lekòl segondè a,
Biwo enskripsyon elèv



Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w vle retire non w sou lis pou resevwa mesaj sou admisyon nan lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).